# «Кьоман духар а, бустамаш а довзийтар»




Воспитатель: А.Х. Ахмедова

**Коьчал: «Къоман  духар а, бустамаш а довзийтар»**
**1алашонаш:**
-Вайн  нохчийн  халкъан духар а, бустамаш а довзийтар.
**1аморан 1алашонаш**:
-берийн ойла нохчийн культурана т1еяхийтар;
-вайн  нохчийн  халкъан духар а, бустамаш а довзийтар;
- бустамаш дахка 1амор.
**Кхетош-кхиоран 1алашонаш**:
-нохчийн г1иллакхаш довзар, уьш лара 1амар.
**Кхиоран 1алашонаш**:
-дозуш долу ъамел кхиор, х1уманан маь1на довза лууш кхиор;
-нохчийн къоман ламасташ  а, культура а  йовзуьйтуш кхиор.
**Кхечу дакъошца з1е**: исбаьхьаллин хазалла кхиор, къамел кхиор, социально-коммуникативни кхиор,  гонахара  дуьне довзар кхиор, физически кхиор.
**Кепаш:**  барта 1амор,  гайтаме  масаллаш.
**Г1ирс:**  биъ са болу кехат 20х20, масаллин бустамаш, масаллин  суьрташ, кортали, г1абали, куйнаш (холхаз, месала  куй) клей, тукарш.
**Интеграци:**  исбаьхьа-кхолларалла кхиор,  къамел кхиор.
**Хьалхара болх:** масаллин суьрташ гайтар, нохчийн духарех, бустамех лаьцна  дийцар.
**Хазахетийтаран киртиг:** г1абали йоьхна тайниг Ясмина хьошалг1а яр.
**Дешнаш т1ехь болх:**  кортали, бустам, 1адат, г1абали,  ветанаш (вета-туьдарг).
**ЗАНЯТИ Д1АЯХЬАР**
**Керла коьчал йовзийтар.**
Не1арех п1елг туху.
**Кхетош - кхиорхо:**
**-**Бераш, вай долчу хьошалг1а еана тайниг Ясмина ю. Маршалла хаттий вай цуьнга? Де дика хуьлда хьан, Ясмина!
**Кхетош - кхиорхо:**
**-**Бераш, хьовсийша, ма хаза коч ю кхунна т1ехь. Деха пхьош долуш, дашочу тайнашца варкъ (вышивка) даьккхина йолуш. Ясминина т1ехь йолчу кучах х1ун олу хаьий шуна?
**Бераш:** Хаьа. Г1абали ю-кх.
**Кхетош - кхиорхо:**
-Хьовсийша, кхуьнан коьрта т1ехь ерг. Цунах х1ун олу хаьий шуна?
**Бераш:** Цунах шипон олу.
**Кхетош - кхиорхо:**
-Г1абалин йистошца варкъ доккхуш йинарш х1ун ю те?
**Бераш:** Уьш бустамаш ду.
**Кхетош - кхиорхо:**
-Муьлхачу беснашца дехкина ду бустамаш?
**Бераш:**
-Ц1ен, можа, сийна.
**Кхетош - кхиорхо:**

- Оцу бустамех х1ун олу хаьий шуна? (Орнамент).

**Кхетош - кхиорхо:**

-Нийса боху. Бустам - иза оьрсех узор (орнамент) бохург ду. Нохчийн бустамаш вайн халкъан барта кхолараллин коьртачу дакъойх цхьа дакъа ду. Бустамо шен хазаллица вайн дегнаш 1ехадо, хазчу хелхаро а, эшаро а санна. Бустамийн чаккхе ца хуьлу (д1агойту чаккхе ца хилар). Бустамашца кечйо пхьег1аш а, духар а, герз а, куз а иштта кхин д1а а.

**Суьрташ т1ехь болх.**

**Кхетош-кхиорхо:**

-Вайн нохчийн йоь1ан г1абали а хуьлу бустамашца кечйина. Ширачу заманахь мехкарийн корталин т1ехь а, г1абалин т1ехь а хуьлуш хилла кан ма1аш санна хьаьвзина бустамаш, къегинчу тайнашца тегна беттаса а.

Бераш, кортали бохург х1ун ду хаьий шуна?

**Берийн жоьпаш.**

**Кхетош-кхиорхо:**

-Кортали - иза доккха йовлакх ду (берашна д1агойту масаллин сурт). Ширачу заманчохь йо1а вер - ваккхар а сацош хилла, божаршна юккъехь, церан когашка кортали кхоссарца. Зудчо коьртара йовлакх даккхар тамашийна, доккха х1ума ду, иза цхьа йоккха киртиг т1е ца х1оьттича дан йиш йолуш а дац; цундела и зуда оццул ч1ог1а холча а х1оттийна, шаьш лелориг ма осала х1ума ду олий, совцуш хилла уьш, цуьнга йовлакх сихха д1атиллийта, х1унда аьлча, зуда коьрта1уьйра гича, стигал, и ца дезалой, керчий, т1ек1елйолу олуш ду.

Х1инца и г1иллакхаш вайна юкъара д1адевлла. Делахь а, оцу г1иллакхашца кхиийначу йо1а хазчу дашца а сацабо хуьлуш болу бохам а, даьлла дов а. Бераш, ткъа аша х1ун дош эра дара дов сацо? Цкъа сацийний аш дов?

**Берийн жоьпаш.**

**Кхетош-кхиорхо:**

-Вайн нохчийн поэташа шайн произведенешкахь а дуьйцу йовлакхан дозаллех лаьцна:

Нохчийн йо1а йовлакх туьллу-
Б1ешерийн и г1иллакх ду.
Къоман оьзда сибат кхуллуш,
Йовлакх сийлахь хилла ду.

Иман тодеш, йоь1ан коьртахь
Йовлакх гича, хуьлу там.
Ловзар кхалош, нохчийн юьртахь
Тайна хьийза шипон т1ам. (Джунаидов А.С.)

(берашна д1агойту видео «Ковсам къастабар»)

**Кхетош-кхиорхо:**
-Маре яханза йолчу йоь1ан доьхка хилла г1одаюкъах дихкина, иштта к1удалца а къастош хилла йо1 ц1ера яьлла а, яланза хилар.
Ша тайпа, денна а лелочу бедарех къаьсташ хилла йоь1ан маре йоьдуш т1едуху духар.
Духарца кхечарал соввала г1ерташ 1едал ца хилла нохчийн. Нагахь шен елахь а, шен лулахочун я накъостийн йоцу бедар т1еюхар а товш хеташ ца хилла. Амма кегийчу наха шаьлтий-доьхкий, кхидолу герззий уггаре а тоьлларг нисдан хьожуш хилла х1ора а. Церан мукъ, бот а хилла бустамашца кечбина (берашна гойту бакъ долу шаьлта, масаллин суьрташ).
Кегийчу наха цхьаьннан йоцу бедар вукхуьнга луш 1едал а хилла, шайх цхьаъ йо1аца ирахь1ен я хийисте х1отта воьдуш.
**Кхетош-кхиорхо:**
-Бераш, хьовсал, кан ма1ех мел тера бу г1абалин т1ера бустамаш, уьш сана хьовза а хьаьвзина, къинхьегаман г1ирсах марсах тера а бу ахбустам (половина).
Бераш, х1ара йо1 (хьешан ц1е йоккху) ц1ера араяланза ю, я яц хуур дарий шуна?
Муха хиира шуна иза? (г1одаюкъах дихкина доьхка хиларца, цуьнан к1удале хьаьжча). Баркалла хьуна йо1(хьешан ц1е йоккху), доккха дакъа леци ахь.
**Кхетош-кхиорхо:**
-Гирий шуна бераш, мел тера бара цу йоь1ан г1абали т1ера бустамаш марсах (д1агойту марс) - хьовсал бераш, х1ара х1ун ю хаьий шуна, цкъа гиний шуна х1ара. – Х1ара къинхьегаман г1ирс бу - марс.
Алий вай массара: «Марс».
Вайн дайша марсаца хьаьжк1аш хьокхуш хилла. Къинхьегамо доккха дакъа д1алоцуш хилла дахарехь, х1унда аьлча х1инца санна туькан аш, ахчанаш ца хилла, наха шаьш аьхкенан заманчохь кхиийнарг бен ца хилла. Ялтаца хуьйцуш хилла бедар тоьгу к1адий а. Хьалхалерачу заманахь наха латтанаш лелош, ялтанаш кхиош ч1ог1а къахьоьгуш хилла, иштта кхоллабелла бу вайн нохчийн къинхьегаман г1ирсах марсах тера болу бустам а, шайн духарш а марсах терачу бустамашца кечдеш хилла, уьш балхана т1ера хилар, къинхьегаме хилар билгало хилла иза. Цундела, ловзарш а, кицанаш а, х1етал металш а хилла къинхьегамах лаьцна.
Ткъа къинхьегамах лаьцна кица хьан далор дара вайна? (Бераш кицанаш даладо). «Аьхка хье ца кхихкинчуьнан,1ай яй ца кхехка», «Массо а х1уманал мерзаниг- хьанал къинхьегам», «Къа ца хьегча хи чуьра ч1ара а ца лацало».
**Кхетош-кхиорхо:**
-Иштта ловзарш а хуьлу элир-кх вай къинхьегамах лаьцна. Вайна тахана баьхкинчу хьешашна довзийтий вай и тайпа ловзар?
Д1ахьо ловзар:
**Сада1аран минот.**

Кхетош-кхиорхочо берашка хаттарш до (кху лахахь далийна долу), цара эшарца а, куьйга-эшарца а, жоп а луш, д1ахьо ловзар:
1. Схьадиййцал, бераш, хьаьжк1аш д1а муха йоь?
**Бераш:** Хьаьжк1аш иштта д1айоь, хьаьжк1аш иштта д1айоь (куьйга-эшарца ган а гойтуш).
2. Схьадиййцал бераш, хьаьжк1аш т1е муха йовлу?
**Бераш:** Иштта йовлу, иштта йовлу (куьйга-эшарца гойту).
3. Схьадиййцал бераш, хьаьжк1аш муха хьокху?
**Бераш:** Иштта хьокху, иштта хьокху... (марс хьакхаран кеп х1оттайо).
4. Схьадиййцал бераш, хьаьжк1аш муха ору?
**Бераш:** Иштта ору, иштта ору (ц1ов охьа буьллий, з1е т1ехь йолу г1аж еттаран сурт х1оттадо).
5. Схьадиййцал бераш, хьаьжк1аш муха охьу?
**Бераш:** Иштта охьу, иштта охьу (кохьар хьовзоран сурт х1оттадо).
6. Схьадиййцал бераш, ахьарх сискал муха йо?
**Бераш:** Иштта йо, иштта йо (бод хьеран, сурт х1оттадо).
7. Схьадиййцал бераш, сискал муха йо?
**Бераш:** Иштта йо…

**Кхетош-кхиорхо:**
-«Ах стаг бедаро во», - бохучу кицано гойту нохчаша духарна т1е боккха тидам бохуьйтуш хилар. Изза т1еч1аг1до кхечу кицано а: «Духаре хьажжий, т1е а эца, хьекъале хьажжий, новкъа а ваккха». Бераш, шуна хаьий цхьа а духарх лаьцна кица? (Бераш кица даладо). «Кечбича хьокху а хуьлу хаза». Ширачу заманахь коьртахь х1ума лело бакъо ца хилла шен схьавалар оьзда, ц1ена доцчу стеган. Нохчийн боьршачу наха коьрта туьллуш лело куй масех тайпана хилла: холхазан куй - вуонехь, диканехь туьллуш лелош берг; кхакханан - болх беш я кертахь, вог1уш-воьдуш лелош; б1ег1аган куй - аьхка мангал хьокхуш я кхитайпа болх беш.
Т1еюьйхина вета-туьдарг долу коч а, шуьйра ког болу хеча а лелош хилла боьршачу наха.
Бераш, вета-туьдарг, иза тайнах, чимчарг1ах йина нуьйдий, туьйдаргий ду. (Берашна гойту масаллин бедар т1ехь).

Кучан ветанаш дерриш а д1атосуш хилла, лаг къовлуш, цу т1е духуш бустамаш болу чоа а хилла. Шийлачу хенахь т1екхуллуш башлакх а, верта а хилла, иштта кхакханан кетар а. (берашна д1агойту верта). Духарехь ша тайпана маь1на лелош хилла доьхкано а. Пхийтта шо кхаьчча йоьхкуш хилла юкъ. Иза стаг бераллера валаран, цунна т1е баккхийчеран дукъ дожаран, вуонна а, диканна а д1ах1отта кийча хиларан билгало ю. Стаг къанвелча (цуьнан билггала йолу хан яц, иза х1орамма а ша билгалйоккху шена - шен могашалле а, лааме а хьаьжжина), юкъ д1айостуш хилла. Кхид1а т1амна а, девнна а стаг вац ша бохург ду иза. Божарша доьхканах тосуш хилла шаьлта, тур а, церан мукъ, бот а хилла бустамашца кечбина
**Кхетош-кхиорхо:**

-Бераш, шуна тахана дийцира нохчийн духарх лаьцна, уьш кечъеш йолчу бустамех лаьцна, тахана вай кечъйийр ю г1абали, герз а, к1ентарша бустамашца кечбийр бу шаьлтан мукъ, бот а, ткъа йоь1арша кечйийр ю г1абали. Къоламца бустам билла а биллий, тукарца иза схьа а баккхий цаьрца кечъе аша, йоь1арий, г1абали, к1ентий, аша шаьлтанаш кечъе (берашна гойту бустам муха билла беза) шуна хьалха охьабиллина бу г1ирс – масаллин бустамаш, кхин болу г1ирс а. Шайна хазахета бос болу кехат а къастаде. Ширачу заманахь, х1инца санна, шорта ца хилла кехат а, кхиерг а, г1ирс кхоабан а хьовса, ( берашна д1агойту масаллин кийча белхаш).

**Кхетош-кхиорхо:**

-Вай х1инца болх бан д1адуьйлалур ду, болх оьзда а, хаза а бан хьовса, тукарх шайн куьг, б1аьрг ларбеш, шайн б1аьргашца куьйгийн тидам а беш, лерина бан а беза болх.

**Хазахетийтаран киртиг:** (хьошалг1а дог1у вайнехан духарш а дуьйхина йо1, к1ант. Цара берашна г1о до болх беш, хьешо шаьлтанах лаьцна мог1анаш а дуьйцу):

Товханахь ахьаран тоьпаш а хоьрцуш,
Буьйцура тхан бабас туьйранийн мотт.
Нохчалла хьехадеш, можах кахьоькхуш,
Дадас а лоьцура шаьлтанан ботт.

**П1елгийн гимнастика**

Болх вайн шортта шортта бу.
Б1аьргаш ч1ог1а кхоьруш ду.
Куьйган п1елгаш каде ду,
Болх вайн сиха чекхбер бу.

Йоь1арша бустамашца кечйо г1абали, ткъа к1ентарша иштта кечбо шаьлтан мукъ а, бот а. Хьехархочо берашна оьшучохь г1о а деш, д1ахьо болх.

**Жам1:**

Берийн белхийн гайтам
(Хьеший д1а г1о.)
Хьоме бераш, керла х1ун девзира вайна тахана?
- Божарша кечлуш боккха тидам стенна т1ебохуьйтуш хилла?
- Ткъа мехкарша муьлхачу духарна т1е бохуьйтуш хилла боккха тидам?
- Хьалхалера заман чохь йо1а божаршна юкъара дов муха къастош хилла? (церан когашка шен кортали кхоссарца).
- Ткъа х1инца муха къастадо? ( хазчу дашца).
-Муьлха крала дош девзира шуна?
- Стенах тера бу вайн нохчийн бустамаш?

**Рефлекси:**

- Бустамех уггаре хаза муьлхарг хийтира шуна? Дийца, иза х1унда хазахийтира.
- Тахана вайн бина болх хазахийтира шуна?
- Дийца, х1ун хазахийтира шуна.




ПРАВИЛА ДОРОЖНОГО ДВИЖЕНИЯ